

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif kalawan objék nu dipakéna nya éta karya sastra. Panalungtikan kualitatif nurutkeun Sugiyono (2011, kc. 8) disebut ogé panalungtikan naturalistik sabab panalungtikanna dilakukeun dina kondisi nu alami.

Saacan nangtukeun tiori jeung métode dina nganalisis karya sastra, diperlukeun pamarekan kana karya sastra minangka objék panalungtikan nu rék dianalisis. Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan struktural. Pamarekan struktural nya éta hiji prinsip yén téks sastra téh mangrupa hiji-hijina jalan pikeun néangan makna (Koswara, 2013, kc. 16).


Métode panalungtikan nya éta cara nu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Métode panalungtikan bisa mangrupa angkét, wawancara, obsérvasi, tés, jeung dokuméntasi (Arikunto, 2006, kc. 160). Sedengkeun nurutkeun Sugiyono (2011, kc. 2) métode panalungtikan nya éta cara ilmiah pikeun nyangking data nu miboga udagan jeung mangpaat nu tangtu. Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode deskripsi. Nurutkeun Ratna (2013, kc. 53), nu disebut métode déskriptif téh nyaéta ieu métode dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta tuluy dianalisis.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain nyaéta hiji rarancang panalungtik pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis data panalungtikan. Desain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka jadi hasil panalungtikan.

Upama digambarkeun ieu panalungtikan miboga desain panalungtikan saperti ieu di handap.

Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 129) sumber data nya éta subjek nu dipaké pikeun nyangking data dina panalungtikan. Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta carita drama “Antéh” karya Nunu Nazarudin Azhar jeung *Dongeng Nini Anteh* anu ditulis ku A.S Kesuma, sarta sumber-sumber informasi séjén pikeun bahan kajian pustaka.

Resti Pandani, 2019

BABANDINGAN STRUKTUR DONGÉNG NINI ANTÉH JEUNG CARITA DRAMA ANTÉH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG KELAS VII SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sumber data utama dina ieu panalungtikan nya éta carita drama “Antéh” karya Nunu Nazarudin Azhar jeung *Dongeng Nini Anteh* anu ditulis ku A.S Kesuma, anu bakal dianalisis strukturna, dibandingkeun, dipaluruh ajén-ajén étnopédagogikna, sarta dipatalikeun jeung bahan ajar. Sumber data séjénna nya éta jurnal-jurnal ngeunaan babandingan, struktural, jeung étnopédagogik. Lian ti éta aya ogé panalungtikan-panalungtikan saméméhna.

3.2.1 Idéntitas

1. *Dongeng Nini Anteh*

Judul	: <i>Dongeng Nini Anteh</i>
Pangarang	: A.S. Kesuma
Medal	: 1993
Penerbit	: Titian Ilmu Bandung
Cetakan ka	: 10
Kandel Buku	: 150 kaca
ISBN	: 979-404-509-3
Warna Jilid	: Biru, bodas

Gambar 3. 1
Jilid Buku Dongeng Nini Anteh



2. Naskah Drama “Antéh”

Judul	: “Antéh”
Pangarang	: Nunu Nazarudin Azhar
Kandel	: 16 kaca

Resti Pandani, 2019

BABANDINGAN STRUKTUR DONGÉNG NINI ANTÉH JEUNG CARITA DRAMA ANTÉH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG KELAS VII SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGIK)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Warna : Bodas

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka digunakeun nalika ngumpulkeun data pikeun nganalisis data tur néangan sumber tiori anu ngarojong kana panalungtikan. Ari léngkah-léngkah ngumpulkeunana nya éta saperti ieu di handap.

- a. Maca buku jeung jurnal nu patali jeung babandingan karya sastra, analisis struktural, jeung étnopédagogik.
- b. Nangtukeun sumber data, nya éta carita drama *Antéh* karya Nunu Nazarudin Azhar jeung *Dongeng Nini Anteh* karya A.S Kesuma.
- c. Maca sagemblengna carita drama jeung dongéng nu jadi bahan atawa sumber data panalungtikan.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ieu panalungtikan objék anu baris ditalungtik téh nya éta carita drama “Antéh” karya Nunu Nazarudin Azhar jeung buku *Dongeng Nini Anteh* anu ditulis ku A.S. Kesuma. Sanggeus meunangkeun data, satuluyna diolah kana sababaraha léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa data nu geus dikumpulkeun diantarana sumber utama data jeung sumber pangrojong séjénna;
- 2) Nganalisis sumber data ngagunakeun babandingan, structural, jeung atikan karakter;
- 3) Ngadéskripsikeun hasil data sarta nyieun kacindekan tina hasil data anu geus dianalisis.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan hasil panalungtikanana leuwih hadé, hartina leuwih taliti, lengkep, sistematis sangkan babari diolah (Arikunto, 2006, kc. 160). Instrumén dina ieu panalungtikan dipaké pikeun nganalisis struktural carita drama “Antéh” jeung *Dongeng Nini Anteh*.

Resti Pandani, 2019

BABANDJARAN STRUKTUR DONGÉNG NINI ANTÉH JEUNG CARITA DRAMA ANTÉH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG KELAS VII SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPIÉDAGOGIK)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tabél data, anu gunana pikeun ngumpulkeun jeung mindahkeun data nu geus aya. Éta tabél data téh dipaké pikeun ngagampilkeun panalungtik dina prosés analisis data. Ieu di handap mangrupa conto gambaran tabél data anu digunakeun:

a) Fakta Carita

Tabél 3. 1
Analisis Galur

Alur	Judul
1) <i>Situation</i> 2) <i>Generating Circumstances</i> 3) <i>Rising Action</i> 4) <i>Climax</i> 5) <i>Denouement</i>	

Tabél 3. 2
Analisis Karakter Utama jeung Tambahan

Analisis Tokoh	Ngaran Tokoh
1) <i>Physical description</i> 2) <i>Portrayal of thought stream or of concions thought</i> 3) <i>Reaction to evens</i> 4) <i>Direct author analysis</i> 5) <i>Discussion of environment</i> 6) <i>Reaction of others to character</i> 7) <i>Conversation of other about character</i>	

Tabél 3. 3
Analisis Latar

Latar	
1) Latar sosial 2) Latar géografis atawa tempat 3) Latar waktu atawa historis	

Resti Pandani, 2019

BABANDINGAN STRUKTUR DONGÉNG NINI ANTÉH JEUNG CARITA DRAMA ANTÉH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG KELAS VII SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉTNOPÉDAGOGIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3. 4
Analisis Téma

Bagian/Bab	Déskripsi

b. Analisis Sastra Bandingan

Tabél 3. 5
Analisis Babandingan Struktur

Struktur Carita	Deskripsi Babandingan	
	Carita Drama Antéh (CDA)	Dongéng Nini Antéh (DNA)
Alur	Ngajéntrékeun ngeunaan alur carita dina CDA	Ngajéntrékeun ngeunaan alur carita dina DNA
Karakter	- Karakter utama, nya éta karakter nu kaiket kana sakabéh kajadian dina carita. - Karakter séjénna, nya éta individu-individu nu aya dina carita.	- Karakter utama, nya éta karakter nu kaiket kana sakabéh kajadian dina carita. - Karakter séjénna, nya éta individu-individu nu aya dina carita.
Latar	Latar ngagambarkeun kaayaan dina CDA dumasar sosial, tempat jeung waktu.	Latar ngagambarkeun kaayaan dina DNA dumasar sosial, tempat jeung waktu.
Téma	Téma dipaluruh dumasar eusi carita nu nyampak dina CDA.	Téma dipaluruh dumasar eusi carita nu nyampak dina DNA.

c. Analisis Ajén Atikan Karakter

Tabél 3. 6
Analisis Ajén Atikan Karakter

Kode Data	Ajén Atikan Karakter	Sikep	Cutatan Carita

Keterangan*1 = Religius**2 = Jujur**3 = Toleransi**4 = Disiplin**5 = Kerja Keras**6 = Kreatif**7 = Mandiri**8 = Demokratis**9 = Rasa ingin tahu**10 = Semangat kebangsaan**11 = Cinta tanah air**12 = Menghargai prestasi**13 = Komunikatif/ bersahabat**14 = Cinta damai**15 = Gemar membaca**16 = Peduli sosial**17 = Peduli lingkungan**18 = Tanggung jawab***d. Analisis Bahan Ajar**

Tabél 3. 7
Analisis Bahan Ajar

No.	Kriteria Milih Bahan Ajar	Judul Karya		Keterangan
		Luyu	Teu Luyu	
1.	Tujuan nu hayang kahontal			
2.	dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3.	dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna			
4.	aya gunana pikeun ngawasa hiji paélman			
5.	luyu jeung kabutuh katut minat murid			

